

Gindikaayu Coronavirus (Covid19)

WOLOF

Tektal bii mu àju ci tektal wergu-yaram ak leeralu NHS te ab tektal la buñuy jox ñépp ñu nekk ci UK, ak réew bumu mēna cosaanoo.

Version 5 [01.06.2020]



Ĕmbeef yi

Gindikaayu Coronavirus (Covid19)

Kan la feebaru coronavirus gën a yab

Nan nga mën a àaree sa bopp soo nekkee ci risk yu jeggi dayo

Gindikaay sorante buñu jagleel kër yi nga xàm ne mën nañu am infection coronavirus

Ñaata fan lañu wara toog ngir topp digley sorante gi?

Kañ laay war a woo NHS 111?

Nan laay def ngir jukkook NHS 111?

Lan mooy xew suma amee luma jaaxal ci sama nekkiinu imigéré?

Lan laa mëna def ngir coronavirus bañ a làw?

Gindikaayu Coronavirus (Covid19)

COVID-19 feebar bu bees la bu mën a lór xëtër ak nooyikaat yi. Doomu-jàngoro buñuy woowee coronavirus moo koy joxé.

Ñépp a wara took seen kër nu ñu ko mënee ngir moytu kononawiris bi làw. Bayyiwal kenn at ci nit at yépp la yemale – donte amul benn màndarga buy feeñ ci yaw wala ci sa wérgu-yaram.

Mën nga génn sa kër:

- ngir dem ci bitik yuñu may ñu ubbi – ngir jënd ay mbir yu demee ni lekk ak garab, te jëli ay mbir yi nga komàndewoon ci net bi wala ci telefon
- ngir dem yëngël sa yaram (wala, soo nekkee Angalteer, ngir doxantu ci biti)- di ba nekk ci digante 2 meetar ak képp kumu mëna doon soo génee seen kër
- ngir bépp soxla ci wàllum pàj, ngir maye dereet, mootu gaañu wala feebar, rëcc ci risku metital, wala joxe paj wala ngir ngir dimbali nit ku feebar bi mëna sonnal
- ngir dem liggéeyi ak ñibbi sa kër – waaye dafa wara doon kese sudee mënu loo liggéey ci kër gi

Sudee da am :

- tàngooru yaram bu jéggi dayo – nga yëg tangoor soo laalee sa dënn wala sa ginnaaw
- ab sëqët su bees suy wëy – maanaam nga tambalee sëqët ay yoon yu bari
- ab ñakkum, wala coppite ci, sa li ñàm yi daan saf wala xeeñ (anosmi) – soo mënul xàm lu mbir yi di xeeñ wala luñuy saf ci lu jaar yoon

da nga wara took sa kër te topp [gindikaayu ber-sa-bopp buñu jagleel kër yi ngir wàllum infection bu coronavirus.](#)

Dañuy wàñi ndaje mboolo:

- Sudee **Angalteer** ak **Irlànd Di Noor** nga dëkk, di nañ leen mey ngeen daje ci mbooloo bu toll ci 6 nit yu bawoo ci kër yu wuute
- Sudee **Wales** nga dëkk, nit ñu bawoo ci ñaaari kër mën nañu daje fiñu nekk (ci digante 5 kilomeetar)
- Sudee **Ekos** nga dëkk, nit ñu bawoo ci ñaaari kër mën nañu daje itam fiileek seen gurup weesuwul 8 nit
- Ndaje yii ci biti lañ ko wara amalee wala ci sardenj piriwe yi kese lañ ko mëna amalee, di wey di sorante te bayyi 2 meetar ci seen digante

Lu am solo la nga top gindikaay bii, mën nañ laa fayloo alamaan soo ko deful.

Poliis bi, ñiy toppatoo wàllum way-tukki yi ak larmé bi mën nañu def liggéey bu am solo di fexe ba ñu sàmmoontek dogal yuñu jël ci wàllum wergu-yaramu mbooloo mi, akit di fexe ba ñu joxe lekk ak yi mënul ñàkk nit ñi feebar bi gëna gaawa yomba wàll.

Coronavirus bi tax na ba, waréeeфу yëgle niki luy mëna tax ñu bàyyi la soo fayee xalis ajandi nañ ko ab diir. Da nga jot ab bataaxalu SMS buy joxe ay leeral ci bës bi topp ci sa bësu yëgle. Ngir am yeneeni leeral ci coppite yiy am ci system asil bi, yëral fii:

<https://www.refugeecouncil.org.uk/latest/news/changes-to-home-office-asylum-resettlement-policy-and-practice-in-response-to-covid-19/>

Kan la feebaru coronavirus gën a yab

Coronavirus mën naa indil feebar bu metti nit ku nekk, waaye dafa am ay nit yi nga xamantane ñoom la gën a gaawa dâl. Ci misaal, mën nga nekk ci risk bu gën a mag ngir am coronavirus sudee:




dañoo dugaloon ci sa yaram ab orgaan



da nga am ay xeeti kanser yi ngay faj



da nga am kaaseer ci sa déreet wala ci say yàq, melni luñuy woowee leucémie



da nga am feebaru xëtër bu metti, lu demee ni fibrose kristique wala asma



da nga nekk ci anam biy tax nga gën a mën am ay infection



da ngay jël ay garab yuy neewal doole sa sistem iminiteer



da nga ëmb te am mettitu dënn bu tàr

Soo jàppee ni da nga nekk ci yooyu xeetu risk te jot ab bataaxal bu bawoo ci kuréel giy toppatoo sa wergu-yaram fii ak **Dibéer 29 Màrs 2020** wala sa GP (doktoor) jokkoowul ak yaw, da nga war a waxtaanee li la jaaxal ak sa GP (doktoor) wala lopitaalu kilinik bi. Sudee amuloo ab GP, jokkool ak DOTW UK ngir am ndimbal: [0808 1647 686](tel:08081647686) (lii nimero bi nga mën a woote la te doo ci fay dara) wala nga yonnee ab bataaxal cil clinic@doctorsoftheworld.org.uk

Nan nga mëna àaree sa bopp soo nekkee ci risk yu jeggi dayo

Sudee da nga gis ci sa yaram ay màndargaay COVID-19 lu melni ab tangooru yaram bu bees buy wéy, laajal ñu jox la ay tektal ci kilinik bi di jëfandikoo nimeru sàrwiisu coronavirus NHS 111 bi ci net bi wala nga woote ci NHS 111. Def ko saa yoo gisee màndarga yi.

Soo nekkee ci risk yu jeggi dayoo ngir am feebaru coronavirus, am na yeneeni mbir yi nga wara def ngir bañ ko am.

Bokk na ci:

- Baña génn ci kër gi – waru loo génn ngir dem jëndi dara wala jëli ay garab
 - soo dëkke **Angalteer** ak **Irlànd Di Noor**, mën nga génn ci biti ak sa waa kër, wala sudee dëkkuloo ak kenn, ak benn nit ci beneen kër – di bayyiwaale 2 meetar sa digante ak ñoom
 - Soo dëkke **Wales**, mën nga dem tàggat sa yaram si biti – di bayyiwaale 2 metar sa digante ak ñeneen ñi
- Bul dem ci benn ndaje (bokk na ci ak say xarit ak sa waa kër ci barab yu piriwé)
- Bayyil gën gaa neew 2 meetar (3 jéego) sa digante ak yeneen nit ci seen kër ci noo ko mënee
- Moytul ku weradi wala muy wone ay màndargay coronavirus

Ñaanal say xarit, sa waa kër wala say dëkkëndoo ñu defal la say shopping te jëndël la say garab. Wax leen ñu tek leen ci sa buntu kër.

Soo soxlaa ku lay dimbali ngir ñu indil la mbir yi nga soxla yu demeeni lékk, mën nga bindu ngir jot ndimbal ci coronavirus:

- Soo dëkke **Angalteer**: <https://www.gov.uk/coronavirus-extremely-vulnerable>
- Soo dëkke **Ireland di Noor**: <https://www.adviceni.net/eform/submit/covid-support-referral>
- Soo dëkke **Ekos**, wootel ci 0800 111 4000
- Soo dëkke **Wales**, da nga wara yër bataaxal bii ci suuf

Jàngal digle bu mat bii lay won nan ngay def ngir àar sa bopp sudee da nga nekk ci risk bu mag ci coronavirus on GOV.UK: <https://www.gov.uk/government/publications/guidance-on-shielding-and-protecting-extremely-vulnerable-persons-from-covid-19>

Gindikaay sorante buñu jagleel kër yi nga xàmantane mën nañ am infection coronavirus



Bul dem ci liggéeyukaay bi, lekool bi, fajkat bi, farmasi bi wala ci lopitaal bi



Jëfandikoo leen ay wanag yu wuute, wala nga raxasu laata nga koy jëfandikoo



Moytul di laalante ak yeneen nit



Laajal ñu indil la sa lékk ak say garab



Bul dalal benn gàn




Tëdël yaw doŋŋ, su mënee nekk



Deel faral di raxas say yoxo



Naanal ndox mu bari



Jëlal paracetamol ngir mu jàppale la ci say màndaga

Laajal ñu defal la testu coronavirus soo gisee ay màndarga (di nañ la defal test bi ci 5 fan yu njëkk yi): <https://www.nhs.uk/ask-for-a-coronavirus-test>. Dina laaj nga joxe say leerali jokkoo te am telfon buy dox ngir jot ci nthuréefi test yi ci ab bataaxalu sms:

Ngir am ci yeneeni leeral yéal <https://www.gov.uk/government/publications/covid-19-stay-at-home-guidance>

Ñaata fan lañu wara took ngir topp digley sorante bi?

- Képp ku gis ay mandarga dafa wara sorante ak nit ñi ci kër gi diirup gën gaa neew 7 fan.
- Sudee da nga dëkk ay yeneen nit, dañoo war a took ci kër gi te ñu bér leen gën gaa neew ci diirup 14 fan, ngir moytu infection bi law ba génn ci biti.
- Waaye, su amee kenn ci waa kër gi ku gis ay màndarga, dafa wara des ci kër gi te ñu ber ko ci diirup 7 fan bawoo ci bës bimu tàmbalee gis màndarga yi. Donte loolu dafay tekki ni nekk nañu ci kër lu ëpp 14 fan.
- Soo dëkke ak kenn ku am 70 at wala luko ëpp, bu am ab weradi bu yàgg, mu ëmb wala sistem iminiteeram néew doole, jéemal seet feneen foo ko mën a dugal ngir mu took fa 14 fan.
- Soo leen naree bokk nekk ci kër gi, fexe leen ba soriwante soo leen ko mënee.

Kañ laay wara woo NHS 111?

- da nga feebar lool ba mënulo def li nga daan faral di def, mel ni seetaan Tele, jëfandikoo sa telefon, jàng wala wàcc ci làl
- nga yëg ni mën loo dëkku say màndarga ci kër gi
- sa wergu-yaram gën a nasax
- say màndarga nekkuñu di tànné bu 7 fan weesoo

Nan laay def ngir jekkook NHS 111?

Mën nga jëfandikoo sàrwiisu coronavirus NHS 111 bi ci net bi (<https://111.nhs.uk/covid-19>) ngir xool lan moo ci topp. Soo mënul dugg ci sàrwiisi net yi mën nga woote ci 111 (nimero bii amul fay dara). Mën nga laaj ab firikat ci sa làkk.

Lan mooy xew suma amee luma jaaxal ci sama nekkiinu imigéré?

Aji-tukki yu bawoo bitim-réew di dem ca Angalteer, bokk na ci képp ku dëkk ci RU te amul keyit duñu ko fayyeeku ci:

- saytu ndax amna coronavirus (donte saytu gi dafay wone ni amuloo coronavirus)
- pajum coronavirus – soo tàmbalee paj mi aka b saytu te mu wone amuloo coronavirus, mën nañ la fayyeeku ngir bépp paj bi nga amal bi nga jotee say resiltaa ci saytu gi

Soxlawul benn saytug imigéré sudee ab saytu wala pajum coronavirus kese nga am.

Lan laa mēna def ngir coronavirus baña làw?

- Deel faral raxas say loxo ay yoon, di jëfandikoo saabu ak ndox, ci diiru 20 saa gën gaa neew
- Toppal digle yuñu ci dānkaafuak kaarānge
- Soo ko mënee, jëfandikool luy nēbb sa kanam ci barab bu tēju fi nga xàmantane yaa ngi bayyi 2 meetar ci sa digante ak nit yi nga dëkkalul dafa jafe, melni dem ak dikk ak bitik yu ndàw yi

Ngir am ciyeneeni leeral:

- Gindikaayu NHS: <https://www.nhs.uk/conditions/coronavirus-covid-19/>
- Gindikaayu WHO: <https://www.who.int/news-room/q-a-detail/q-a-coronaviruses>